



Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: **D-200**

Sijè: **KONPOZISYON AK CHWA MANM KOMITE EGZEKITIF EDIKASYON VIL NOUYÒK**

Kategori: **REGLEMAN KOMITE POU EDIKASYON (PANEL FOR EDUCATIONAL POLICY, PEP)**

Pibliye: **1ye desanm 2022**

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye D-200 ki gen dat 19 desanm 2019.

Chanjman:

- Li mete ajou dispozisyon ki gen rapò ak konpozisyon Komite pou Règleman Edikasyon an ("Panel") pou adapte avèk amandman 2022 nan Lwa Edikasyon Eta Nouyòk (Seksyon I ak II).
- Li mete ajou dispozisyon ki gen rapò ak manda manm Panel yo pou adapte avèk amandman 2022 nan Lwa Edikasyon Eta Nouyòk (Seksyon III).
- Etabli yon pwosesis pou prezidan Konsèy Edikasyon Kominote a eli senk manm Komite pou manda Komite kap kòmanse 15 janvye 2023 (Seksyon IV.A).
- Li etabli yon pwosesis pou prezidan Konsèy Edikasyon pou Kominote a eli senk manm Komite pou manda Komite k ap kòmanse 1ye jiyè 2023 ak chak 1ye Jiyè apre sa (Seksyon IV.B).
- Li mete ajou dispozisyon ki gen rapò avèk revokasyon ak ranpli pòs vid manm Komite prezidan Konsèy Edikasyon Kominote yo te eli, ki konsistan avèk amandman 2022 nan Lwa Edikasyon Nouyòk (Seksyon IV.C & D).
- Li mete ajou enfòmasyon kontak konsènan règleman sa a.(Seksyon VI).



Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: D-200

Sijè: KONPOZISYON AK CHWA MANM KOMITE EGZEKITIF EDIKASYON VIL NOUYÒK

Kategori: REGLEMAN KOMITE POU EDIKASYON (PANEL FOR EDUCATIONAL POLICY, PEP)

Pibliye: 1ye desanm 2022

REZIME

Règleman sa a tabli konpozisyon Komite Egzekitif Edikasyon Vil Nouyòk (yo rele règleman komite nan edikasyon) ak kalifikasyon manm li yo, epi etabli yon pwosesis pou eleksyon avèk revokasyon manm komite prezidan konsèy edikasyon pou kominote a te eli. Li tabli tou pwosedi pou konble pòs vid nan pozisyon sa yo.

I. KONPOZISYON KOMITE A

A. Apati 15 janvyè 2023, Komite a pral gen ladan 23 manm ki ka vote:

1. Yon manm prezidan chak borough nonmen;
2. Senk paran manm, youn pou chak borough Vil Nouyòk, ke prezidan konsèy Edikasyon pou kominote (CEC) a eli; avèk
3. Trèz manm Majistra a nonmen.

B. Komite a dwe gen ladan tou kat manm ki pa gen dwa vote:

1. Chanselye a, ki jwe wòl yon manm; ak
2. Kontwolè Vil Nouyòk la, ki jwe wòl yon manm; epi
3. De elèv lekòl segondè kòm manm konsiltatif, konsèy konsiltatif elèv chanselye a chwazi.

II. KALIFIKASYON POU VIN MANM NAN KOMITE A

- A. Chak manm prezidan borough nonmen dwe abite nan borough kote yo te eli prezidan borough k ap fè nominasyon an epi li dwe se paran yon timoun ki nan yon lekòl leta nan distri Vil Nouyòk la.
- B. Chak paran manm prezidan CEC yo eli dwe yon rezidan nan borough yo reprezante a epi yo dwe se paran yon timoun ki ale nan yon lekòl leta nan distri lekòl vil Nouyòk la.
- C. Manm Majistra a nonmen yo dwe abite nan Vil Nouyòk epi kat moun sa yo dwe se paran timoun ki nan yon lekòl leta nan distri lekòl Vil Nouyòk, toutotan:

D-200 – KONPOZISYON AK CHWA MANM KOMITE EGZEKITIF EDIKASYON
VIL NOUYÒK – 01/12/2022

1. Omwen yon manm Majistra nonmen dwe se paran yon timoun ki gen yon pwogram edikasyon endividyalize (individual education program, IEP);
 2. Omwen yon manm Majistra nonmen dwe se paran yon timoun ki nan yon pwogram bileng oswa Anglè kòm yon dezyèm lang (English as a Second Language, ESL); epi
 3. Omwen yon moun ki nonmen dwe se paran yon timoun ki nan yon lekòl oswa yon pwogram Distri 75.
- D. Eksepte Chanselye a ak Kontwolè a, okenn manm Komite a pa kapab anplwaye nan okenn pòs pou Vil Nouyòk oswa nan yon soudivizyon oswa komite vil la.
- E. Okenn manm komite yo nonmen oswa eli pa ka yon manm, ofisye oswa anplwaye okenn kòporasyon leta, otorite oswa komisyon kote majistra Vil Nouyòk la gen yon majorite nominasyon.

III. DIRE MANDA BIWO, REVOKASYON AK PÒS VID

- A. 23 manm ki ka vote yo ki gen manda k ap kòmanse 15 janvyè 2023 pral gen yon manda k ap fini 30 Jen 2023. Apre sa, 23 manm ki ka vote yo pral sèvi pou yon manda yon ane k ap kòmanse 1yè jiyè.
- B. Tout paran manm ki nan Komite a pral elijib pou kontinye sèvi nan Komite a pou dezan apre yo fini ak prezans pitit yo nan yon lekòl leta nan distri vil la.
- C. Se otorite apwopriye k ap fè nominasyon an k ap konble pòs ki vid pou manm yo nonmen nan Komite a nan entèval 90 jou pòs vid la. Pwosesis pou revoke avèk pou ranpli pòs ki vid pou manm paran CECs yo eli yo nan Seksyon IV anba a.

IV. PWOSIS POU CHWAZI, REVOKE AK RANPLI PÒS VID POU MANM KOMITE PREZIDAN KONSÈY EDIKASYON POU KOMINOTE A CHWAZI

- A. Eleksyon manm paran prezidan CEC yo pou manda Komite a pral kòmanse 15 janvyè 2023
 1. Nan mwa desanm 2022, 32 prezidan CEC yo pral eli senk manm Komite, youn nan chak borough Vil Nouyòk, pou antre anfonksyon 15 janvyè 2023.
 2. Nan borough Brooklyn, Bronx, Manhattan ak Queens, prezidan CEC yo pral chwazi de prezidan CEC pou sèvi nan yon komite nominasyon. Nan borough Staten Island, ki gen sèlman yon CEC, prezidan CEC a avèk yon lòt ofisye CEC pral sèvi nan komite nominasyon an. Komite nominasyon sa a dwe fòme anvan 28 oktòb 2022.
 3. Pou aplike pou vin yon kandida, paran dwe voye yon aplikasyon bay Biwo pou ranfòse kapasite fanmi ak kominote (Office of Family and Community Empowerment, FACE). FACE pral evalye aplikan yo pou kalifikasyon epi voye tout aplikasyon ki elijib yo bay komite nominasyon an. Peryòd aplikasyon an pral rete ouvri jiska 15 novanm 2022.

D-200 – KONPOZISYON AK CHWA MANM KOMITE EGZEKITIF EDIKASYON
VIL NOUYÒK – 01/12/2022

4. Komite nominasyon an pral revize aplikasyon yo epi li ka fè entèvyou avèk aplikan yo.
 5. Nan delè 6 desanm 2022, komite nominasyon an pral chwazi finalis nan chak borough ke prezidan CEC a ap konsidere pou borough sa a.
 6. Pa pita pase 20 desanm 2022, prezidan CEC yo ka vote pou eli yon manm Komite nan borough yo a. Gayan eleksyon an dwe fè omwen 50 pousan vòt yo. Nan ka kote sa pa rive fèt, y ap fè yon dezyèm tou eleksyon.
 7. FACE pral bay pwosedi pou yo aplike pwosesis nominasyon an ak eleksyon an.
- B. Eleksyon manm paran prezidan CEC yo pou manda Komite a ap kòmanse 1ye jiyè 2023 epi chak 1ye jiyè apre sa.
1. Apati mwa Jen 2023, ak chak mwa Jen apre sa, 32 prezidan CEC yo dwe eli senk manm Komite, youn nan chak borough Vil Nouyòk, pou antre anfonksyon 1ye Jiyè.
 2. Nan borough Brooklyn, Bronx, Manhattan ak Queens, prezidan CEC yo pral chwazi de prezidan CEC pou vin sèvi nan yon komite k ap fè nominasyon. Nan borough Staten Island, ki gen sèlman yon CEC, prezidan CEC a avèk yon lòt manm CEC pral sèvi nan komite nominasyon an. Y ap enfòmè Komite nominasyon sa a 31 mas avan dat eleksyon an.
 3. Pou aplike pou vin yon kandida, paran yo dwe voye yon aplikasyon bay FACE. FACE pral evalye aplikan yo pou kalifikasyon epi voye tout aplikasyon ki elijib yo bay komite nominasyon an. Peryòd aplikasyon an dwe rete ouvri jiska 15 avril.
 4. Komite nominasyon an pral revize aplikasyon yo epi li ka fè entèvyou avèk aplikan yo.
 5. Nan delè 15 me, komite nominasyon an pral chwazi finalis nan chak borough ke prezidan CEC a ap konsidere pou borough sa a.
 6. Pandan dènye semèn mwa me a, prezidan CEC yo nan chak borough ka vote pou eli yon manm Panel nan borough yo a. Gayan eleksyon an dwe fè omwen 50 pousan vòt yo. Nan ka kote sa pa rive fèt, y ap fè yon dezyèm tou eleksyon.
 7. FACE pral bay pwosedi pou yo aplike pwosesis nominasyon an ak eleksyon an.

C. Revokasyon prezidan CEC a fè

Prezidan CEC nan chak borough ka retire manm Komite yo chwazi si de tyè nan prezidan CEC borough yo detèmine ke li apwopriye pou fè revokasyon sa a. Nan Staten Island, prezidan CEC a avèk de ofisye CEC anplis dwe detèmine si li apwopriye pou retire manm komite yo eli a. Nan ka revokasyon, prezidan CEC yo pral bay piblik la avi alekri sou rezon ki fè yo fè revokasyon an omwen di jou avan revokasyon an.

D. Pòs vid prezidan CEC yo konble

1. Prezidan CEC yo dwe konble pòs vid yo nan espas 60 jou apati vid la.
2. Paran yo ka nome pwòp tèt yo pou konble yon pòs. Yo dwe voye nominasyon yo bay FACE nan espas 30 jou pòs vid la. FACE pral evalye aplikan yo pou kalifikasyon epi voye tout aplikasyon ki elijib yo bay prezidan CEC yo nan borough ki konsène yo, ki pral vote pou chwazi kandida pou ranpli pòs vid la. Gayan an se pral kandida ki fè plis vòt la. Si yo fè menm kantite vòt, y ap fè yon dezyèm tou eleksyon.
3. FACE pral bay pwosedi pou aplike pwosesis la pou konble pòs paran manm ki vid CEC a te chwazi a.

V. RANBOUSMAN

Manm Komite a pa ka gen estaf, biwo oswa machin adispozisyon yo ni yo pa ka resevwa rekonpans pou sèvis yo bay. Sepandan, y ap ranbouse yo pou depans reyèl ki nesèsè ki fèt pandan y ap fè travay yo.

VI. DEMAND RANSÈYMAN

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, voye yo bay:

Office of Family and Community Engagement

52 Chambers Street

Room 503

New York, NY 10007

Telefòn: 212-374-4118

FACE@schools.nyc.gov